**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ QARAÓZEK RAYONÍ HÁKIMINIŃ SHESHIMI**

**QORAQALPOG‘ISTON RESPUBLIKASI QORAO‘ZAK TUMANI HOKIMINING QARORI**

**Qaraózek rayonı 230400, Qaraqalpaqstan kóshesi, 49-jay, tel: (61) 465-55-17; (61) 465-46-66;**

2022 - yil 21 - oktabr    311-13-183-Q/22    Qorao‘zak tumani hokimligi

## Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2022-jıl 21-oktyabrdegi 505-13-0-Q/22-sanlı qararı haqqında

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2022-jıl 14-oktyabr kúngi “Mámleketlik puqaralıq xızmetshileri tárepinen ádep-ikramlılıq qağıydalarına ámel etiliwin támiyinlew boyınsha qosımsha ilajlar haqqında”ğı 595-sanlı qararı hám usı mazmundağı Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2022-jıl 21-oktyabr kúngi 505-13-0-Q/22-sanlı qararınıń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde

**SHESHIM ETEMEN:**

**1.** Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2022-jıl 14-oktyabr kúngi “Mámleketlik puqaralıq xızmetshileri tárepinen ádep-ikramlılıq qağıydalarına ámel etiliwin támiyinlew boyınsha qosımsha ilajlar haqqında”ğı 595-sanlı qararı hám usı mazmundağı Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2022-jıl 21-oktyabr kúngi 504-13-0-Q/22-sanlı qararı orınlanıw ushın basshılıqqa alınsın.

**2.** Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń usı qararı menen:

- Mámleket puqaralıq xızmetshileri hám  Qaraózek rayonı hákimligi apparatı xızmetkerleriniń ádep-ikramlılıqtıń úlgili qağıydaları 1-qosımshağa muwapıq:

- Ádep-ikramlılıq komissiyası hám  Qaraózek rayonı hákimligi apparatı tuwrısındağı úlgili qağıyda 2-qosımshağa muwapıq;

- Ádep-ikramlılıq qağıydaları talaplarınıń buzılıwı nızamshılıq hújjetlerine muwapıq intizamıy hám basqa túrdegi juwapkerlikke tartıw ushın tiykar esaplanıwı belgilep qoyılğanlığı mağlıwmat ushın qabıl etilsin.

- Ádep-ikramlıq komissiyası iskerligin shólkemlestiriw hám Ministrler Keńesi apparatı xızmetkerleri tárepinen ádep-ikramlıq qağıydalarınıń buzılıwı menen baylanıslı máselelerdi kórip shığıw SXEMASI 3-qosımshağa muwapıq tastıyıqlansın.

- Qaraózek rayonı hákimligi apparatı ádep-ikramlılıq komissiyası quramı 4-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

3. Rayondaǵı mákeme, karxana hám shólkemler 2022-jıl 25-oktyabrge shekem óz lawazım iskerligin esapqa alǵan halda;

a) Ádep-ikramlılıq qaǵıydaları tiykarında rayonlıq apparat, aymaqlıq hám strukturalıq bólimleri xızmetkerleri ushın májbúriy bolǵan xızmetkerlerdiń mekemelik ádep-ikramlılıq qaǵıydaların;

usı qarar menen tastıyıqlanǵan qaǵıyda tiykarında Ádep-ikramlılıq komissiyası tuwrısındaǵı nızamı ham onıń quramı tastıyıqlasın;

b) ishki miynet tártip-qaǵıydaların hám basqa mekemelik hújjetler usı sheshimge muwapıqlastırsın ;

v) 2022-jıl 1-noyabrge shekem usı banttiń orınlanıwı boyınsha ámelge asırılǵan jumıslar nátiyjesi haqqında tolıq maǵlıwmattı tastıyıqlanǵan hújjetlerdi qosımsha qılǵan halda Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń shólkemlestiriw-kadrlar toparına usınıs etsin.

4. Belgilep qoyılsın, Ádep-ikramlılıq qaǵıydaları talaplarınıń buzılıwı nızamshılıq hújjetlerine muwapıq intizamıy hám basqa túrdegi juwapkerlikke tartıw ushın tiykar esaplanadı.

5. Qaraózek raynı Ádillik bólimi mákeme, karxana hám shólkemler menen birgelikte bir ay múddette usı qarardıń mazmun-mánisin mámleketlik xizmetkerleri arasında túsindiriw maqsetinde oqıw-seminarları shólkemlestirilsin.

6. Usı sheshim orınlanıwın qadaǵalaw Qaraózek rayonı hákiminiń barlıq orınbasarlarına júkletilsin.

| | |
|---|---|
| **Hákim** | **U.Utambetov** |

Qoraózek rayoni tuman hokimining
2022 yil 21 oktabrdagi
311-13-183-Q/22-son qaroriga
1-ilova

# Qaraózek rayonı hákimliginiń apparat xızmetkeleriniń ádep-ikramlılıq

# QAǴÍYDALARÍ

## 1-bap. Ulıwma qaǵıydalar

1. Qaraózek rayonı hákimliginiń apparat xızmetkerleriniń ádep-ikramlılıq qaǵıydaları (keyingi orınlarda - Ádep-ikramlılıq qaǵıydaları) Qaraózek rayonı hákimliginiń apparat xızmetkerleriniń (keyingi orınlarda - Qaraózek rayonı hákimliginiń apparat xızmetkerleriniń) kásiplik mádeniyatı, xızmet iskerligi dawamında hám de xızmetten tısqarı waqıtta ádep-ikramlılıq, sırtqı kórinisi hám kiyiniw mádeniyatınıń úlgili qaǵıydaların belgileydi.

Ádep-ikramlılıq qaǵıydaları mámleket xızmetinde joqarı kásiplik mádeniyattı qáliplestiriw, jámiyetshilik sana seziminde mámleket xızmetine bolǵan húrmet hám isenimdi asırıw hám de mámleket xizmetkerleriniń ikramlılıq qaǵıydalarına qarsı bolǵan minez-qulqlarınıń aldın alıwǵa qaratılǵan.

2. Rayon hákimliginiń apparatı xızmetkerleri óz kásiplik iskerligin tómendegi principler tiykarında ámelge asırıwı shárt:

nızamlılıq ;

Watanǵa sadıqlıq hám xızmet wazıypasına belsendilik, júklengen funkcional wazıypaların tolıq orınlaw, atqarıw tártibine qatań ámel etiw;

puqaralar huqıqları, erkinlikleri hám nızamlı mápleriniń ústinligi;

Mámleket hám jámiyet máplerine sadıqlıq ;

ádalatlılıq, hadallıq hám qalıslıq ;

korrupciyalıq jaǵdaylarǵa qarsı munasábette bolıw hám qarsı gúresiw;

xızmet sırın qatań saqlaw ;

basshı xızmetkerlerdiń wákilliklerin ayaq astı etpew;

máplerdiń soqlıǵısıwına jol qoymaw.

**3.** Qaraózek rayonı hákimliginiń apparat xızmetkerleri miynet iskerligi dawamında hám jumıstan tısqarı waqıtta minez-qulıqtıń tómendegi ulıwma qaǵıydalarına ámel etiwi kerek:

mámleket xızmetiniń abıroyına ziyan jetkiziwi múmkin bolǵan minez-qulqlardan saqlanıw, ikramlılıq normalariga turaqlı ámel qılıw ;

juwapkershilik, kásipine sadıqlıq hám hadallıqtı kúndelikli uranǵa aylandırıw;

quramalı wazıypalardı orınlawda kásipleslerine kómeklesiw;

kishi piyillik, itibarlılıq hám puqaralarda mámleketke salıstırǵanda isenim hám húrmet sezimin oyatıw ;

shańaraǵında salamat ortalıqtı támiyinlep, shańaraq aǵzalarına turaqlı túrde ǵamxor bolıw, perzentlerinde watan súyiwshilik hám basqa joqarı ádeplilik pazıyletlerdi qáliplestiriw;

puqaralardıń sociallıq kelip shıǵıwı, ekonomikalıq jaǵdayı hám basqa faktorlarǵa qaramastan, olar menen birdey, shın júrekten, ádep sheńberinde munasábette bolıw;

Jámiyette ikramlıqtıń barlıq qaǵıydalarına ámel qılıw.

**4.** Rayonı hákimliginiń apparat xızmetkerleri óz wákilliklerin ámelge asırıp atırǵanda Ózbekstan Respublikası hám Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Konstitutsiyalari hám nızamlarına, "Mámleket puqaralıq xızmeti tuwrısında"ǵı Ózbekstan Respublikasınıń Nızamına, Ózbekstan Respublikası Oliy Májilisi palatalarınıń qararlarına, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń pármanları, qararları hám biyliklerine, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń qararları hám biyliklerine, usı Ádep-ikramlılıq qaǵıydalarına hám basqa nızamshılıq hújjetlerine ámel etedi.

**5.** Rayonı hákimliginiń apparat xızmetkerleri Ádep-ikramlıldıq qaǵıydalarına ámel etiw májbúriyatına, puqaralar bolsa rayon hákimliginiń apparat xızmetkerlerinen usı qaǵıydalarǵa uyqas bolǵan kásiplik mádeniyattı talap qılıw huqıqına iye.

**6.** Rayonı hákimliginiń apparat xızmetkeleriniń Ádep-ikramlılıq qaǵıydalarına ámel etiwi olardıń iskerligi hám de xızmetindegi ikramlılılıǵın bahalawdıń tiykarǵı kriteryalarınan biri esaplanadı.

Rayonı hákimliginiń apparat xızmetkerleri tárepinen Ádep-ikramlılık qaǵıydalarına ámel etiliwi jaǵdayı olardı endilikte joqarı lawazımlarǵa tayınlaw hám basshı kadrlar rezervin qáliplestiriwde esapqa alınadı.

## 2-bap. Kásiplik mádeniyatqa tiyisli ulıwma ádep-ikramlılıq qaǵıydaları

7. Rayon hákimliginiń apparat xızmetkerleri:

puqaralardıń jınısı, milleti, puqaralıǵı, tili, dini, social kelip shıǵıwı, jeke hám kkemsitiliwge alıp keliwshi ilajları hám háreketler (háreketsizligi) ge jol qoyılmaslıǵı;

hadal, ádalatlı hám kishipeyil bolıwı, puqaralar menen baylanısta kishi piyil, saldamalı hám shın júrekten munasábet kórsetiwi;

fizikalıq hám yuridikalıq shaxslardıń huqıqları hám nızamlı máplerine tiyisli qararlardı qabıllawda nızamlılıqtı, ádalatlılıqtı hám ashıqlıqtı támiyinlew;

mámleket hám jámiyet máplerine zıyan keltiriwshi, mámleketlik shólkemlerdiń iskerligi hám natiyjeliligin páseyttiretuǵın háreketler (háreketsizlik) ten tıyılıwı;

óziniń minez-qulqı hám ikramlılıǵı sebepli jámiyetshiliktiń sın pikirine ushıraspaw ilajların kóriwi, sın pikir ushın tosıqqa jol qoymaslıǵı, tiykarlı hám konstruktiv sın pikirden óz iskerligindegi kemshilikler hám de kemshiliklerdi saplastırıw jolında paydalanıwı;

mákeme, karxana hám shólkemler xızmetkerleri hám basqa shaxslarǵa óz xızmet wazıypasınan paydalanǵan halda jeke máseleler tiykarında tásir ótkermesligi;

Óz xızmet wazıypasınan fizikalıq hám yuridikalıq shaxslardıń máplerin gózlep orınlaw yamasa orınlamaslıq ornına olardan qandayda -bir sıylıq, payda yamasa sawǵalar almaslıǵı;

mámleket múlkiniń pútin saqlanıwın támiyinlewi, ózine isenip tapsırılǵan mámleket múlkinen tek xızmet maqsetlerinde paydalanıwı ;

xızmet wazıypasına qatań ámel qılıwı, jumıs waqtından aqılǵa say hám nátiyjeli paydalanıwı;

xalıqtıń mámleketlik xızmetleri qarıydarı sıpatındaǵı talaplarına muwapıq turaqlı túrde iskerlik náiyjeliligin asırıp barıw ilajların kóriw;

nızam menen intizamıy, hákimshilik hám jınayı juwapkerlikte názerde tutılǵan huqıqbuzarlık hám basqa minez-qulıqlarǵa jol qoymaslıǵı;

kásip etikasi hám iskerlik usılına ámel etiwi;

siyasiy partiyalar, jámiyetlik birlespeleri hám basqa mámleketlik emes shólkemleri mápleri jolında xızmet poziciyasi hám múmkinshiliklerinen paydalanbawı kerek.

8. Rayon hákimliginiń apparat xızmetkerleri ózine boysınıwshı xızmetkerlerden olar miynet wazıypasın atqarap atırǵan waqıtta partiya atınan siyasiy iskerlik penen shuǵıllanıwdı talap etiwi, siyasiy partiyalar, jámiyetlik birlespeleri hám basqa mámleketlik emes shólkemleriniń iskerliginde qatnasıw yamasa májbúrlewge jol qoyılmaydı.

## 3-bap. Xızmet iskerligine tiyisli ádep-ikramlılıq qaǵıydaları

9. Rayon hákimliginiń apparat xızmetkerleri xızmet iskerligi dawamında tómendegilerge májbúr:

Ózbekstan Respublikası hám Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Konstitusiyası, nızamları hám basqa nızamshılıq hújjetlerine sózsiz ámel etiwi;

mámleket abıroyın húrmetlew, mámleket siyasatına sadıq bolıw ;

sırtqı siyasat salasında mámleket máplerin qatań qorǵaw ;

óz xızmet wazıypaların hújdan menen, hadal hám joqarı professional dárejede orınlaw, keńsepazlıq, qálbekilik hám ózimshillik penen talan-taraj etiwshilikke jol qoymaw;

xızmet minnetlemelerin nátiyjeli orınlaw ushın zárúr bolǵan bilim hám kónlikpelerdi turaqlı tiykarda asırıw;

mákeme, karxana ham shólkemlerde lawazımlı shaxslarınıń óz kepillikleri sheńberinde qabıl etken qararları hám de berilgen tapsırmalardı waqıtında hám sapalı orınlaw;

islep shıǵılıp atırǵan normativlik-huqıqıy hám basqa hújjetlerge qandayda-bir shaxs, topar yamasa karxanalar mápi kózqarasınan jandaspaw hám de olardıń mápleri ańlatpa etiliwine jol qoymaw ;

hár qanday nızam buzılıwshılıqqa, ásirese, korrupciya jaǵdaylarına qarsı gúresiw;

xızmet saparları, qadaǵalaw ilajları dawamında miynet iskerligi menen baylanıslı bolǵan hár qanday túrdegi sarıplanǵan qárejetlerdi basqa shaxslar esabınan ámelge asırmaw;

mámleket xizmetkerleri yamasa basqa shaxslar tárepinen jınayat yamasa basqa huqıqbuzarlık júz etiwge úndewshi múrájatlar haqqında, sonıń menen birge, kásiplesleri tárepinen ámelge asırılǵan yamasa tayarlıq kórilip atırǵan nızambuzıwshılar haqqında óziniń basshısına tez arada xabar beriw;

sırt el puqaraları menen bólek belgilengen tártipke qarsı túrde tikkeley yamasa basqa shaxslar arqalı baylanıske kirispew;

óz xızmet wazıypasın atqarıp atırǵanda puqaralar hám basqa shaxslardı kemsitpew, olardıń tásirinen saqlanıw, puqaralardıń huqıqları, minnetlemeleri hám nızamlı máplerin esapqa alıw ;

óz xızmet minnetlemelerin hújdan menen orınlawǵa tosqınlıq jasawı múmkin bolǵan minez-qulqlardan saqlanıw;

mámleket sırı, nızam menen qorǵalatuǵın hám xızmetke tiyisli basqa maǵlıwmatlardıń jariyalanbawın támiyinlew ústinen barlıq sharalardı kóriw, olardan nızamǵa qayshı túrde paydalanbaslıq;

maǵlıwmatlardı tarqatıw qaǵıydalarına ámel qılıw, Internet tarmaǵı hám xabar kommunikaciya qurallarından paydalanıwda maǵlıwmat qawipsizligin támiyinlewdiń belgilengen tártibine ámel qılıw ;

biriktirilgen xızmet kompyuteri hám de elektron tasıwshılarındaǵı xızmetke tiyisli maǵlıwmatlardıń qawipsiz saqlanıwın támiyinlew hám olardı basqa shaxslarǵa tarqatılıwınıń aldın alıw ilajların kóriw;

social tarmaqlarda mákeme, karxana hám shólkemler hám de lawazımlı shaxslar iskerligin dodalamaslıq, etikaqa qarsı sózlerden paydalanbaw, mámlekette ámelge asırılıp atırǵan reformalarǵa salıstırǵanda adamlarda isenimsizlik keyipin júzege keltiriwi múmkin bolǵan materiallardı jaylastırmaw;

puqaralar hám xızmetkerlerdiń abıroy há qaddi-qáwmetine daq túsiriwshi maǵlıwmatlar tarqatpaw;

miynet hám atqarıw intizamı, ishki tártip qaǵıydalarına, sonıń menen birge, telefonda sóylesiw hám kiyiniw mádeniyatına qatań ámel etiw;

ózine isenip tapsırılǵan múlikke hám finanslıq qarjılarǵa saqlıq hám puqtalıq menen munásibette bolıw ;

jámáátte salamat ruwxıy ortalıqtı saqlaw ilajların kóriw;

fizikalıq hám yuridikalıq shaxslardıń múrájatların nızamda belgilengen tártipte hám de múddetlerde nızamlı, tiykarlı hám ádalatlı sheshiw;

miynet jámáátinde iskerlik ortalıǵın qáliplestiriw jáne onı bekkemlewge kómeklesiw;

miynet jámáátinde kásiplesleriniń abıroyın hám qádir-qımbatın abıroysızlandıratuǵın jeke hám kásiplik pazıyletlerin dodalawdan tıyılıw kerek.

10. Basshılar tómendegilerge májbúr:

xızmetkerler professionallıq, hadallılıq, qalıslıq hám ádalatlılikda órnek bolıw;

jámáátte salamat ruwxıy ortalıqtı hám iskerlik keypiyatın qáliplestiriw;

mámleket xizmetkerlerin nızamǵa qayshı keletuǵın minez-qulqlardı ámelge asırıwǵa jol qoymaslıq hám de olardan bunday háreketlerdi orınlawdı talap etpeslik;

kadrlardı jergiliklishilik, urıw-aymaqshılıq, tanıs-bilisshilik yamasa jeke sadıqlıq tárepleri boyınsha tańlaw, belgilew yamasa usınıs etiwge jol qoymaw ;

jámáátte toparlar hám favoritizm (ayırım xızmetkerlerdi jaqın alıw hám qollap-quwatlaw) kórinislerine jol qoymaw, sonıń menen birge, xızmet wazıypaların orınlaw processinde basqa unamsız faktorlardıń aldın alıw ;

mámleket xizmetkerleriniń iskerligine ataq beriwde nızamlı hám ádalatlı qararlar qabıllaw ;

mámleket xizmetkerleri tárepinen korrupciya hám basqa ózimshillik penen talan-taraj etiwshilikler júz beriwiniń aldın alıw ilajların kóriw;

xizmetkerlerdi huqıqıy jáne sociallıq tárepten qorǵaw ilajların kóriw;

wazıypası sheńberinde shártnamalar dúziw, tańlawlar ótkeriw yamasa razılıq beriw máselelerine qalıs, ádalatlı hám nızamlı jantasıw.

11. Basshılar mámleketlik xizmetkerlerine qopal múnásibette bolıwı, ar-namısına hám ózligine tiyiwi, olarǵa tiykarsız eskertiw beriwi yamasa ayıplawı hám de kemsitiwi múmkin emes.

**4-bap. Xızmetten tısqarı ádep-ikramlılıq qaǵıydaları**

12. Rayon hákimliginiń apparat xızmetkerleri jumıstan bos waqıtlarında

ulıwma qabıl etilgen ádep-ikramlılıq normalarına ámel etiwi hám olarǵa qarsı bolǵan minez-qulıq hám qattı háreketlerden ózlerin tıyıwı shárt.

13. Rayon hákimliginiń apparat xızmetkerleri jumıstan bos waqıtları tómendegilerge májbúr:

milliy úrip-ádet, qádiriyatı hám dástúrlerge húrmet menen múnásibette bolıw;

dábdebebazlıq, dańqparazlıq, gruppapazlıq, máskúnemlik, hám basqa unamsız illetlerge jol qoymaslıq;

rásmiy járiyalanǵan maǵlıwmatlardan tısqarı mámleket xızmeti iskerligine tiyisli máselelerdi talqılaw etpeslik;

jámiyetlik jaylarında (kafe, restoran hám basqa kewilashar mákanlarda) ózin tutıw qaǵıydalarına ámel etiw, átirapındaǵılardıń itibarın tartıwshı artıqsha hám unamsız háreketlerge jol qoymaslıq;

jámiyetlik tártip hám qawipsizligine qarsı qaratılǵan minez-qulqlardı júz etpeslik, usı nızamǵa qarsı háreketlerge basqalardı qospaw yamasa úgitlewi múmkin emes;

xızmet minnetlemelerin orınlaw menen baylanıslı bolǵan mákeme hám shólkemler baslıq hám xızmetkerlerinen, basqa lawazımlı shaxslarınan qımbat bahalı sawǵa almaslıq;

xızmet gúwalıqların saqlaw hám paydalanıw rejimine qatań ámel etiw, olardan xızmetke baylanıslı bolmaǵan jaǵdaylarda paydalanbaw, sonday-aq, kepillikli shaxslarǵa xızmet gúwalıǵın kórsetip, poziciyasın menmenlik etpeslik;

xızmet avtotransport qurallarınnan xızmet jumısınan tısqarı jaǵdaylarda jeke hám basqa maqsetlerde paydalanbaw;

jumıs iskerligi menen baylanıslı maǵlıwmatlardı jumısqa baylanıslı bolmaǵan basqa shaxslar qatnasıwında talqılaw etpeslik;

jeke transport qurallarından paydalanıwda belgilengen tártipke ámel qılıw, jol háreketi qaǵıydalarına qatań ámel etiw;

isbilermenlik yamasa haqı tólenetuǵın basqa jumıslar menen (pedagogikalıq, ilimiy hám dóretiwshilik iskerlikten tısqarı) shuǵıllanbaw, Ózbekstan Respublikası nızamları hám Ózbekstan Respublikası Prezidenti qararlarında názerde tutılǵan

jaǵdaylar bunnan tısqarı;

ózi iskerlik júrgizgen mámleket organları hám shólkemleri hám de mámleket xızmetine daǵ túsiriwshi minez-qulqlardan tıyılıwı;

sırtqı kórinisin belgilengen normalar sheńberinde saqlaw, kishipeyil kiyiniw, átirapdaǵılardıń itibarın ózine artıqsha tartatuǵın tárzde kiyinbeslik.

**5-bap. Jámiyetshilik, ǵalaba xabar quralları wákilleri menen munasábetlerge tiyisli ádep- ikramlılıq qaǵıydaları**

14. Rayon hákimligininǵ apparat xızmetkerleri ǵalaba xabar quralları menen óz-ara birge islesiwi, mákeme, karxana hám shólkemlerdiń jumıs nátiyjeligin ǵalaba xabar qurallarında sáwlelendiriliwine kómeklesiwi kerek.

15. Mámleket siyasatı yamasa mámleket shólkemleri iskerligi tuwrısındaǵı ǵalabalıq bayanatlar mákeme, karxana hám shólkem basshısı yamasa usı jónelis boyınsha lawazımlı shaxs tárepinen ámelge asırıladı.

16. Tómendegi jaǵdaylarda ǵalabalıq bayanat beriliwi múmkin emes:

ǵalabalıq bayanat teksti hám mazmunı mámleket siyasatı yamasa mákeme, karxana hám shólkemlerdiń iskerligine baylanıslı bolmasa ;

ǵalabalıq bayanatda keltiriletuǵın maǵlıwmatlar mámleket sırları menen baylanıslı bolsa ;

ǵalabalıq bayanat basqa mámleket shólkemleri hám shólkemleri orının tómenletiw yamasa olardıń lawazımlı shaxsların kemsitiwge baylanıslı bolsa.

17. Mámleket xızmetinde jámiyetshilik qadaǵalawdı támiyinlew maqsetinde jámietshilik tárepinen mákeme, karxana hám shólkemlerdiń iskerligine tiyisli ayıplaw yamasa sın pikir bildirilgen jaǵdayda, mákeme, karxana hám shólkemleri oǵan salıstırılǵanda bildirilgen ayıplaw yamasa sın pikirge ǵalabalıq túsindirme yamasa biykarlaw xabarı beriliwi kerek.

18. Eger ǵalabalıq bayanatda puqaralardıń abıroyı hám qádir-qımbatı kemsitiletuǵın sózler bar bolsa, rayon hákimliginiń apparatı xızmetkerleri óz pikirleriniń aljasqanlıǵı yamasa nadurıslıǵın tán alıwı hám de iskerlik abıroyına baylanıslı bolǵan puqaradan, eger nızam hújjetlerinde basqa aqıbetler názerde tutılmaǵan bolsa, keshirim soranıwı shárt.

**6-bap. Xızmet wazıypasındaǵı sırtqı kórinisi hám kiyiniw usılına tiyisli**

**ádep-ikramlılıq qağıydaları**

19. Rayon hákimliginiń apparat xızmetkeleriniń xızmet iskerligindegi sırtqı kórinisi hám kiyiniw usılı puqaralardıń mákeme, karxana hám shólkemlerdiń iskerligine húrmetin kóteriw, sonday-aq mámleket xızmetiniń orının asırıwğa xizmet etiwi kerek.

20. Rayon hákimliginiń apparat xızmetkerleriniń sırtqı kórinisi miynet sharayatları hám xızmet túrine qarap, xızmet májbúriyatların orınlaw waqtında puqaralardıń mámleket shólkemine húrmet menen munasábette bolıwına kómeklesiwi, ulıwma qabıl etilgen jumıs usılına muwapıq bolıwı hám rásmiylik, qalıslıq, kishipeyillik hám intizamdı sáwlelendiriwi shárt.

21. Rayon hákimliginiń apparat xızmetkerleriniń jumıs ornında sırtqı kórinisi hám kiyiniw usılına tiyisli qosımsha talaplar ishki miynet tártibinde belgileniwi múmkin.

**7-bap. Mápler soqlığısıwı**

22. Rayon hákimliginiń apparat xızmetkerleri lawazım yamasa xızmet wazıypaların orınlaw waqtında mápler soqlığısıwına alıp keletuğın yamasa alıp keliwi múmkin bolğan jeke máplerine paydalanıwğa jol qoyılmawı kerek.

23. Mápler soqlığısıwı júzege kelgen jağdayda xızmetkerler óziniń basshısın tezlik penen xabardar etiwi shárt.

Mápler soqlığısıwı bar ekenligi tuwrısında mağlıwmatlar alğan baslıq bul soqlığısıwdıń aldın alıw yamasa onı saplastırıw boyınsha waqıtında sharalar kóriwge májbúr.

**8-bap. Rayon hákimliginiń apparat xızmetkerleriining mápin qorğaw**

24. Rayon hákimliginiń apparat xızmetkerleriniń xızmet wazıypaların orınlaw menen baylanıslı haqarat, dóhmet hám nızamğa qayshı keletuğın basqada qattı háreketlerden qorğaw basshısı tárepinen ámelge asırıladı.

25. Juwapkershiligine bekitilgen wazıypalardı orınlawğa tosqınlıq qılıw, jınayat yamasa basqa huqıqbuzarlık júz beriwge qaratılğan múrájatlar, sonıń menen birge, kásiplesleri tárepinen ámelge asırılğan yamasa ámelge asırıwğa tayarlıq kórip atırğan nızambuzılıw haqqında xabar bergen xızmetkerlerdi payda bolıwı múmkin bolğan qawip-xaterlerden qorğaw ilajları kóriledi.

**9 -bap. Ádep-ikramlılıq qağıydalarına ámel etiliwin baqlaw**

26. Rayon hákimliginiń apparat xızmetkerleri tárepinen ádep-ikramlılıq qaǵıydalarına ámel etiliwi ústinen qadaǵalaw rayon hákimliginiń Shólkemlestiriw-kadrlar toparı yamasa Ádep-ikramlılıq komissiyası tárepinen ámelge asıriladı.

27. Rayon hákimliginde lawazımǵa tayınlanǵan mámleket xizmetkerleri shólkemlestiriw-kadrları toparı tárepinen usı Ádep-ikramlılıq qaǵıydaları menen tilxat tiykarında qol qoydırgan halda tanıstırıladı.

28. Usı Ádep-ikramlılıq qaǵıydaların buzıw jaǵdayları boyınsha xızmetlik tekseriwler rayon hákimliginiń kórsetpesine muwapıq Ádep-ikramlılıq komissiyası tárepinen ótkeriledi.

Xızmetlik tekseriwin ótkeriw tártibi Ádep-ikramlılıq komissiyası tárepinen belgilenedi.

## 10-bap. Ádep-ikramlılıq qaǵıydalarına ámel etpegenlik ushın juwapkershilik

29. Rayon hákimliginiń apparat xızmetkerleri tárepinen Ádep-ikramlılıq qaǵıydalarına ámel etpegenlik jaǵdayı olarǵa salıstırǵanda intizamıy shara qollanıw ushın tiykar boladı.

30. Ádep-ikramlılıq qaǵıydalarına ámel etpegenligi ushın Ádep-ikramlılıq komissiyası tárepinen rayon hákimliginiń apparat xızmetkerlerine tómendegi sharalar qollanıladı :

eskertiw;

keshirim soraw yamasa rásmiy keshirimnama keltiriwdi talap qılıw ;

Rayon hákimliginiń apparat jıynalıslarında eskertiw beriw.

31. Ádep-ikramlılıq komissiyası rayon hákimliginiń apparat xızmetkerlerine intizamıy sharasın qollanıw ushın rayon hákimine usınıs kiritiliwi múmkin.

**Ádep-ikramlılıq komissiyası ádep-ikramlılıq qaǵıydaları baslıq tárepinen buzılǵan jaǵdayda, olarǵa tiyisli shara kóriw máselesi boyınsha usınıslardı joqarı turıwshı uyımlarǵa jiberiledi.**

32. Rayon hákimliginiń apparat xızmetkeleriniń Ádep-ikramlılıq qaǵıydalarınıń buzıwı olardı nızamǵa muwapıq intizamıy hám basqa juwapkerlikke tartıw ushın tiykar boladı.

## 11-bap. Juwmaqlawshı qaǵıyda

33. Mákeme, karxana hám shólkemleri iskerliginiń ayrıqsha qásietlerinen kelip shıqqan halda usı Ádep-ikramlılıq qaǵıydalarına muwapıq ádep-ikramlılıq qaǵıydaların tastıyıqlaydı.

Qoraózek rayoni tuman hokimining
2022 yil 21 oktabrdagi
311-13-183-Q/22-son qaroriga
2-ilova

# Qaraózek rayonı hákimliginiń ádep-ikramlılıq komissiyası tuwrısındağı qağıyda

## 1-bap. Ulıwma qağıydalar

1. Usı qağıyda Qaraózek rayonı hákimligi apparatı ádep-ikramlılıq komissiyası (keyingi orınlarda - Komissiya ) iskerligin tártipke saladı.

2. Komissiya Qaraózek rayonı hákimligi apparatı xızmetkerleri (keyingi orınlarda - Qaraózek rayonı hákimligi apparatı xızmetkerleri) tárepinen ádep-ikramlılıq qağıydalarına ámel etiwin baqlaw, olardıń ikramlılık normalarına qarsı bolğan minez-qulqlarınıc aldın alıw hám ádep-ikramlılıq qağıydalarına ámel etiwi menen menen baylanıslı dawlardı kórip shığıw maqsetinde dúziledi.

3. Komissiya iskerligi Ózbekstan Respublikası hám Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Konstitusiyası hám nızamlarına, "Mámleket puqaralıq xızmeti tuwrısında"ğı Ózbekstan Respublikasınıń Nızamına, Ózbekstan Respublikası Oliy Májilisi palatalarınıń qararlarına, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń pármán, qarar hám biyliklerine, Ministrler Keńesi, rayon hákiminiń qararları hám biyliklerine Qaraózek rayonı hákimligi apparatı xızmetkerleri ádep-ikramlılıq qağıydalarına, usı nızamğa hám basqada nızamshılıq hújjetlerine muwapıq ámelge asırıladı.

4. Komissiya Komissiya baslıǵı, xatkeri hám ağzalarınan ibarat bolıp, ulıwma sanı bes adamnan kem bolmawi hám taq sanda bolıwı kerek.

Komissiya quramına tájiriybeli, miynet jámáátinde abıroy -itibarğa iye bolğan mámleketlik xizmetkerler kiritiledi.

Komissiya quramı rayon hákimi qararı menen tastıyıqlanadı hám turaqlı túrde jumıs alıp baradı.

Komissiya quramına komissiya tárepinen qabıl qılınatuğın qararlarğa tásir kórsetiw múmkin bolğan mápler toqnasıwı múmkinshiligin názerde tutqan halda ózgeris kiritiledi.

## 2-bap. Komissiyanıń tiykarğı wazıypaları hám funkciyaları

5. Komissiyanıń tiykarğı wazıypaları tómendegilerden ibarat :

Rayon hákimligi apparatı xızmetkeleriniń mekemelik ádep-ikramlılıq qaǵıydaların islep shıǵıw ;

Rayon hákimligi apparatı xızmetkerleri tárepinen ádep-ikramlılıq qaǵıydalarına ámel etiliw máselelerin kórip shıǵıw, xızmet tekseriwlerin ótkeriw;

Rayon hákimligi apparatı xızmetkerleri ortasında ikramlılıq normalarına qarsı bolǵan minez-qulıqlardıń aldın alıwǵa qaratılǵan kompleks ilajlardı ámelge asırıw;

fizikalıq hám yuridikalıq shaxslardıń rayon hákimligi apparatı xızmetkeleriniń minez-qulıqlarına tiyisli múrájaatların kórip shıǵıw;

Rayon hákimligi apparatı xızmetkeleriniń abıroyı hám qádir-qımbatın qorǵaw menen baylanıslı máselelerdi kórip shıǵıw;

Rayon hákimligi apparatı xızmetkeleriniń ádep-ikramlılıq qaǵıydaların jetilistiriw boyınsha usınıslar islep shıǵıw;

Rayon hákimligi apparat xızmetkerleri tárepinen ádep-ikramlılıq qaǵıydalarına ámel etiliwi jaǵdayın analiz etiw, nátiyjeleri haqqında baslıq hám jámiyetshilikti xabardar etip barıw.

6. Komissiya óz wákillikleri sheńberinde:

Rayon hákimligi apparat xızmetkerleri tárepinen ádep-ikramlılıq qaǵıydalarına ámel etiliwi ústinen qadaǵalawdı ámelge asıradı;

Rayon hákimligi apparat xızmetkerleri tárepinen ádep-ikramlılıq qaǵıydalarınıń buzılıwı menen baylanıslı máseleler júzesinen juwmaqlar tayarlaydı;

Rayon hákimligi apparat xızmetkeleriniń ádep-ikramlılıq qaǵıydaları menen baylanıslı máselelerin kórip shıǵıw processinde zárúr maǵlıwmatlardı sorap aladı;

kórip shıǵıw ushın kiritilgen máselelerdi sheshiw ushın Komissiya májilislerine ekspertler hám qánigelerdi tartadı ;

ádep-ikramlılıq qaǵıydalarına tiyisli máseleler júzesinen rayon hákimligi apparat xızmetkerlerine tiyisli máslahát hám túsinikler beredi;

zárúr jaǵdaylarda, Komissiyada kórip shıǵılǵan máseleler boyınsha rayon hákimligi apparat xızmetkeleriniń intizamıy juwapkerlikke tartıw júzesinen rayon hákimine usınıs kiritedi. Ministrler Keńesi apparatı xızmetkerleri tárepinen ádep-

etika qaǵıydalarına ámel etiliwi jaǵdayın analiz qılıw, nátiyjeleri haqqında baslıq hám jámietshilikti xabarlı etip barıw.

7. Komissiya rayon hákimliginiń strukturalıq bólimleri, basqa mámleket organları hám shólkemleri, lawazımlı shaxsları hám jámiyetshilik menen birge islesedi..

8. Komissiya iskerligin shólkemlestiriw hám Rayon hákimligi apparat xızmetkerleri tárepinen ádep-ikramlılıq qaǵıydalarınıń buzılıwı menen baylanıslı máselelerdi kórip shıǵıw bul qaǵıydaǵa qosımshada kórsetilgen sxemaǵa muwapıq ámelge asırıladı.

**3-bap. Komissiya iskerligin shólkemlestiriw**

9. Komissiya májilisleri zárúriyatqa qaray ótkeriledi.

Komissiya jıynalısları ashıq tárzde ótkeriledi. Zárúr bolǵan jaǵdaylarda Komissiya jabıq májilis ótkeriw tuwrısında qarar qabıl etiwi múmkin.

10. Komissiya májilisin Komissiya baslıǵı, ol joq waqtında bolsa, onıń tapsırmasına qaray Komissiya aǵzalarınan biri júrgizedi. Komissiya májilisinde protokol júritiledi, ol basshılıq etiwshi hám Komissiya xatkeri tárepinen qol qoyıladı.

11. Komissiya jıynalısları, eger olarda Komissiya aǵzaları ulıwma sanınıń keminde úshten eki bólegi katnasqan jaǵdayda, ótkerildi dep esaplanadı.

12. Komissiyanıń náwbettegi májilisi tuwrısında onıń baslıǵı Komissiya aǵzalarına jazba túrde, qaǵıyda tiykarında, keminde eki kún aldın xabar etedi, sonıń menen birge jıynalıstıń basqa qatnasıwshıların aldınan xabardar qıladı.

13. Komissiyanıń qararları májiliske qatnasqan Komissiya aǵzalarınıń kópshilik dawısı menen qabıl etiledi. Dawıslar teń bolǵan jaǵdaylarda Komissiya baslıǵınıń dawısı sheshiwshi dawıs esaplanadı.

Komissiyanıń qararları Komissiya baslıǵı tárepinen qol qoyıladı.

14. Komissiya baslıǵı:

Komissiya jumısın shólkemlestiredi;

Komissiya májilisin shaqıradı hám ótkeredi;

Komissiya aǵzalarına tapsırmalar beredi;

Rayon hákimliginiń strukturalıq bólimleri, basqa mámleketlik mákeme hám shólkemleri, lawazımlı shaxslar hám jámiyetshilik menen bolǵan munasábetlerde Komissiya atınan jumıs alıp baradı;

Komissiya májilislerinde Komissiya iskerligi tuwrısındaǵı maǵlıwmatlar menen sózge shıǵadı ;

hár jılı rayon hákimine Komissiya iskerligi tuwrısında esabatın usınıs etedi.

15. Komissiya xatkeri:

Komissiyanıń iskerligin shólkemlestirilgen-texnikalıq tárepten támiyinlew máselelerin sheshedi;

Komissiyanıń náwbettegi jıynalısına barlıq zárúr materiallar waqıtında tayarlanıwın támiyinleydi, xızmetkerlerden zárúr hújjetler hám maǵlıwmatlardı sorap aladı ;

rejimine muwapıq Komissiya jıynalısları ótkeriliwin shólkemlestiredi;

Komissiyanıń aǵzaların hám usınıs etilgen shaxslardı Komissiya májilisi ótkeriletuǵın ornı, sánesi, waqıttı hámde kún tártibine kiritilgen máseleler haqqında xabardar qıladı;

Komissiya májilisiniń protokolın hújjetlestiredi hám tastıyıqlanǵan protokoldıń lawazımlı shaxslarǵa jiberiliwi támiyinlenedi.

16. Komissiya aǵzası :

Komissiya tárepinen kórip shıǵılatuǵın barlıq máseleler boyınsha dawıs beriwge;

Komissiyanıń kórip shıǵıwı ushın máseleler hám usınıslar kirgiziwge;

qararlar tayarlanıwda, dodalawda, qabıl etiliwinde, sonıń menen birge olardıń ámelge asırılıwın shólkemlestiriwde hám de orınlanıwın qadaǵalawda qatnasıwǵa;

kórip shıǵılıp atırǵan máselege tiyisli hújjetler, málimlemeler hám basqa zárúr maǵlıwmatlar menen tanısıwǵa;

Komissiya sheshimine razı bolmaǵan jaǵdayda óz usınısın bildiriwge haqılı.

17. Komissiyası aǵzası Komissiya májilisinde tayar bolıwı hám ózine júkletilgen wazıypalardı orınlawı shárt.

Komissiya aǵzası Komissiya májilisine qatnasa almaǵan jaǵdayda Komissiya baslıǵın aldınan xabardar etiw kerek.

18. Komissiya májilisinde kóriletuǵın máseleler Komissiya baslıǵı, xatkeri hám aǵzalarına tikkeley baylanıslı bolǵan jaǵdayda ózin-ózi biykar etiwi shárt.

## 4-bap. Rayon hákimligi apparat xızmetkerleri tárepinen ádep-ikramlılıq qaǵıydaları buzılıwınıń aldın alıw (profilaktika ) ilajların kóriw

19. Komissiya rayon hákimliginiń shólkemlestiriw-kadrlar toparı menen birgelikte turaqlı túrde rayon hákimliginiń apparat xızmetkerleri tárepinen ádep-ikramlılıq qaǵıydalarına ámel etiliwi hám olardıń buzılıwınıń aldın alıwǵa qaratılǵan tómendegilerdi názerde tutatuǵın profilaktikalıq kompleks ilajlardı ámelge asıradı:

Rayon hákimliginiń apparat xızmetkerlerine joqarı kásiplik mádeniyattı, jámáátte salamat-ruwxıy ortalıq hám isker keyipiyattı qáliplestiriw;

Rayon hákimliginiń apparat xızmetkerlerin “hadallıq vakcinasi” menen emlew, yaǵnıy hadallıqtı olardıń sanasına sińdiriw, ruwxıylıq arqalı olarda korrupcsiyaǵa qarsı munasábette bolıw keyiyatın qáliplestiriw;

Rayon hákimligindegi belgili oqımıslı adamlar, dóretiwshiler, ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq salasınıń kózge kóringen, óz tarawında joqarı nátiyjelerge erisken miynet veteranları qatnastırǵan halda, ushırasıwlar shólkemlestirip barıw;

Rayon hákimliginiń apparat xızmetkeleriniń kásiplik hám basqarıw kónlikpeleriniń ósiwin, sonıń menen birge olardıń qánigeligin turaqlı túrde asırıwdı, olar tárepinen ádep-ikramlılıq qaǵıydalarına ámel etiwlerin támiyinlew maqsetinde olardıń bilimleri hám kónlikpelerin turaqlı jetilistiriw jumısların támiyinlew;

Rayon hákimliginiń apparat xızmetkerleriniń ekonomikalıq bilimlerin, huqıqıy sawatqanlıǵın, huqıqıy mádeniyatı hám huqıqıy sanasın, intellektual hám ruwxıy rawajlanıwın asırıw maqsetinde ekonomikalıq hám huqıqıy oqıwlar shólkemlestiriw;

jańa jumısqa qabıl etilgen mámleket xizmetkerlerdi ádep-ikramlıq qaǵıydalarına qatań ámel qılıw boyınsha stajirovkadan ótkeriw hám olar menen

profilaktikalıq sáwbetler shólkemlestiriw;

Rayon hákimliginiń apparat xızmetkerleriniń qánigeligin jetilistiriw kurslarına, xalıqaralıq seminarlar, konferenciyalar hám sol sıyaqlı basqa ilajlarǵa jiberiw, olar tárepinen óz kásiplik dárejesi hám ikramlıq ssapasın ǵárezsiz asırıwları ushın shárt-sharayat jaratıp beriw.

20. Komissiya Rayon hákimliginiń apparat xızmetkerleri tárepinen ádep-ikramlılıq qaǵıydaları buzılıwınıń aldın alıw (profilaktika) boyınsha óz iskerligin Komissiya tárepinen tastıyıqlanatuǵın shereklik is-rejeleri tiykarında alıp barıladı.

21. Rayon hákimligi apparat xızmetkerleri tárepinen ádep-ikramlıq qaǵıydaları buzılıwınıń aldın alıw (profilaktika) ilajları Komissiya tárepinen tiyisli strukturalıq bólimdegi basshıları hám de kásiplik awqamları komiteti menen birgelikte shólkemlestiriledi.

22. Rayon hákimligi apparat xızmetkerleri ádep-ikramlıq qaǵıydaları buzılıwınıń aldın alıw (profilaktika) ilajlarınıń nátiyjeliligi jıl juwmaqları boyınsha ótkeriletuǵın Komissiya májilisinde talıqlanadı.

## 5-bap. Rayon hákimligi apparat xızmetkerleri tárepinen ádep-ikramlıq qaǵıydalarınıń buzılıwı menen baylanıslı máselelerdi kórip shıǵıw tártibi

23. Komissiya Rayon hákimliginiń apparat xızmetkerleri tárepinen ádep-ikramlıq qaǵıydalarınıń buzılıwı menen baylanıslı máselelerdi:

Rayon hákiminiń tapsırmasına muwapıq;

huqıqtı qorǵawshı organlardıń múrájatına tiykar;

Rayon hákimliginiń apparat xızmetkerleriniń, sonıń menen birge fizikalıq hám yuridikalıq shaxslardıń múrájatına tiykar;

óz belsendiligi menen kórip shıǵadı.

24. Komissiya májilisinde, haqıyqıy jaǵdaylardı anıqlaw hám qalıs qarar qabıllaw maqsetinde, ózine salıstırǵanda másele kórip shıǵıp atırǵan rayon hákimligi apparatı xızmetkeri, zárúr bolǵan jaǵdaylarda bolsa, múrájat etiwshi hám basqa shaxslar usınıs etiledi. Komissiya májilisiniń waqıtı hám ornı haqqında tiyisli túrde xabardar etilgen adamlardıń kelmewi múrájattı kórip shıǵıw ushın tosqınlıq etpeydi.

25. Komissiya májilisinde:

kún tártibindegi másele oqıp esittiriledi;

Rayon hákiminiń tapsırması yamasa Rayon hákimliginiń apparat xızmetkerleri tárepinen ádep-ikramlıq qaǵıydaları buzılǵanlıǵı tuwrısındaǵı múrájatı oqıp esittiriledi;

ádep-ikramlıq qaǵıydalarına ámel etpegeni ushın ayıplanıp atırǵan rayon hákimliginiń apparat xızmetkeri hám múrájatshilerdiń túsindirmeleri esitiledi.

26. Rayon hákimliginiń apparat xızmetkerleri óziniń huqıqı, abıroyı hám salawatına tásir etetuǵın múrájat boyınsha ámeldegi nızam hújjetlerine muwapıq ózin qorǵawǵa, Komissiyaǵa zárúr materiallar hám de taǵı basqa maǵlıwmatlardı usınıwǵa haqılı.

27. Májilis juwmaǵı boyınsha Komissiya rayon hákimligi apparat xızmetkeleriniń háreketlerinde ádep-ikramlıq qaǵıydalarınıń buzılıw faktleriiniń bar ekenligi haqqında qarar qabıl etedi.

28. Ádep-ikramlıq qaǵıydaları buzılǵanlıǵı haqqında fakt anıqlanǵan jaǵdayda Komissiya tárepinen rayon hákimligi apparatı xızmetkerlerine tómendegi ilajları qollanıladı :

eskertiw;

Keshiriw soraw yamasa rásmiy keshirimnama keltiriwdi talap qılıw;

Rayon hákimliginiń apparat májilisinde eskertiw beriw.

29. Komissiya rayon hákimliginiń apparat xızmetkerlerine salıstırǵanda intizamıy shara qollanıw ushın rayon hákimine usınıs kirgiziwi múmkin.

30. Komissiya tárepinen tómendegi múrájatler kórip shıǵılmaydı:

komissiyada aldın kórip shıǵılǵan múrájat, atap aytqanda sol mazmundagi tákirar múrájatlar;

anonim múrájatlar;

nızamda belgilengen basqa talaplarǵa muwapıq bolmaǵan múrájatlar.

31. Komissiya qabıl etken qarar haqqında múrájat etiwshige, ózine salıstırǵanda másele kórip shıǵılǵan rayon hákimligi apparat xızmetkerlerine hám rayon hákimina jazba túrde xabar beredi.

32. Komissiya ádep-ikramlıq qaǵıydaları baslıq tárepinen buzılǵan jaǵdayda

olarǵa salıstırǵanda tiyisli ilaj kóriw máselesi boyınsha usınıslardı joqarı turıwshı organlar hám shólkem basshılarına jiberedi.

33. Komissiyanıń sheshimi ústinen rayon hákiminiń baslıǵına yamasa sudqa shaǵım qılıw múmkin.

34. Rayon hákimligi apparat xızmetkerleri tárepinen ádep-ikramlıq qaǵıydalarınıń buzılıwı haqqındaǵı múrájat onıń baslamashıları tárepinen Komissiya sheshimi qabıl etilgenge shekem qaytarıp alınıwı múmkin.

35. Tárepler jarasqan, sonıń menen birge rayon hákimligi apparat xızmetkerleri óz qálewi menen múrájatshiden ashıq túrde keshirim soraǵan jaǵdaylarda, oǵan salıstırǵanda tásir etiwshi ilajları qollanılmawı múmkin.

Qoraózek rayoni tuman hokimining
2022 yil 21 oktabrdagi
311-13-183-Q/22-son qaroriga
3-ilova

**Ádep-ikramlıq komissiyası iskerligin shólkemlestiriw hám Ministrler Keńesi apparatı xızmetkerleri tárepinen ádep-ikramlıq qaǵıydalarınıń buzılıwı menen baylanıslı máselelerdi kórip shıǵıw**

**SXEMASI**

| **Basqıshlar** | **Subektler** | **Ilajlar** | **Atqarıw múddeti** |
|---|---|---|---|
| **I. Komissiya iskerligin shólkemlestiriw** | | | |
| **1-basqısh** | Mámleket organı hám shólkemi basshısı | 1. Mámleket shólkemleri hám shólkemlerinde Ádep-ikramlıq komissiyaların (keyingi orınlarda - Komissiya) Komissiya baslıǵı, xatkeri hám aǵzalarınan ibarat quramda, ulıwma sanı keminde bes adamnan kem bolmaǵan muǵdarda taq sanda qáliplestiriw.<br>2. Komissiya quramına tájiriybeli, miynet jámáátinde abıray-itibarǵa ie bolǵan mámleket xizmetkerlerin kirgiziw.<br>3. Komissiya quramın tastıyıqlaw. | Eki hápte múddette |
| | | 4. Komissiya quramına komissiya tárepinen qabıl etiletuǵın qararlarǵa tásir kórsetiwi múmkin bolǵan mápler dúgilisiwi múmkinshiligin názerde tutqan halda ózgertiw kiritiledi. | Zárúriyatqa kóre |
| **2-basqısh** | Komissiya baslıǵı | Komissiya jumıslardı shólkemlestiredi, komissiya jıynalıslarǵa shaqıradı hám ótkeredi jıynalısına basshılıq etedi.<br>Komissiya atınan jumıs júrgizedi, Komissiya jıynalıslarında Komissiya iskerligi tuwrısındaǵı informaciya menen sózge shıǵadı.<br>Mámleket organı hám shólkemi basshısına Komissiya iskerligi tuwrısında esabat usınıs etedi. | Maǵlıwmatlar kiritilgen waqıttan baslap<br>Hár jılı jıl juwmaǵı boyınsha |
| | Komissiyanıń xatkeri | Kún tártibine muwapıq Komissiya jıynalısları ótkeriliwin shólkemlestiredi. Komissiyanıń aǵzaların hám usınıs etilgen shaxslardı Komissiya jıynalısı ótkeriletuǵın jay, sáne hám waqıt hám de kún tártibine kiritilgen máseleler haqqında xabardı jetkeredi.<br>Komissiyanıń iskerligin shólkemlestirilgen-texnikalıq tárepten támiyinlew máselelerin sheshedi, náwbettegi jıynalısına barlıq zárúr materiallar waqıtında tayarlanıwın támiyinleydi.<br>Komissiya jıynalısınıń protokolın rásmiylestiredi hám tastıyıqlanǵan protokoldıń juwapker shaxslarǵa jetkeriliwin támiyinleydi. | Májilisten keminde eki kún aldın<br>Májilisten keyin bir kún múddette |

| Basqıshlar | Subektlar | Ilajlar | Atqarıw múddeti |
|---|---|---|---|
| **II. Ádep-ikramlıq qağıydaları buzılıwınıń aldın alıw (profilaktika ) ilajların kóriw** | | | |
| **1-басқыш** | Комиссия<br><br>Mámleket organınıń strukturalıq bólindileri kásiplik awqamları komitetleri | Komissiya úzliksiz túrde mámleket xizmetkerleri tárepinen ádep-ikramlıq qağıydalarına ámel etiliwi hám olardıń buzılıwınıń aldın alıwğa qaratılğan tómendegilerdi názerde tutatuğın profilaktikalıq kompleks ilajlardı ámelge asıradı;<br>mámleketlik xizmetkerleri joqarı kásiplik mádeniyattı, jámáátte saw ruwxıy ortalıq hám isker keyipti qáliplestiriw;<br>mámleket xizmetkerleri "hadallıq vakcinasi" menen emlew, yağnıy hadallıqtı olardıń sanasına sıńırıw, bilim arqalı olarda korruptsiyağa qarsı munasábette bolıw keyipin qáliplestiriw;<br>mámleket organı hám shólkeminde belgili oqımıslı adamlar, dóretiwshiler, ruwxıylıq hám bilim tarawı, sonıń menen birge diniy tarawdın kózge kóringen, óz tarawında joqarı nátiyjelerge erisken miynet veteranlarn tartqan halda, ushırasıwlar shólkemlestirip barıw;<br>mámleket organı hám shólkeminde xızmetkerlerdiń kásiplik hám basqarıw kónlikpeleri artıwın, sonıń menen birge olardıń mamanlığın turaqlı túrde asırıwdı, olar tárepinen ádep-ikramlıq qağıydalarına ámel etiwlerin támiyinlew maqsetinde olardıń bilimleri hám qánigeligin turaqlı asırıw jumısların támiyinlew;<br>mámleket xizmetkerleriniń ekonomikalıq bilimlerin, huqıqıy sawatlı adamlığın, huqıqıy mádeniyatı hám huqıqıy sanasına, intellektuallıq hám ruwxıy rawajlanıwın támiyinlew maqsetinde ekonomikalıq hám huqıqıy oqıwlar shólkemlestiriw;<br>jańa jumısqa qabıl etilgen mámleket xizmetkerlerin ádep-ikramlıq qağıydalarına qatań ámel etiw boyınsha stajirovkadan ótkeriw hám olar menen profilaktikalıq sáwbetler shólkemlestiriw;<br>mámleket xizmetkerlerin bilimlerin jetilistiriw kurslarına, xalıq aralıq seminarlar, konferenciyalar hám sol sıyaqlı basqa ilajlarğa jiberiw, olar tárepinen óz kásiplik dárejesi hám ikramlıqlıq sapaların gárezsiz asırıwları ushın shárt-sharayat jaratıp beriw. | Komissiya tárepinen tastıyıqlanatuğın shereklik jumıs jobaları tiykarında |
| **2-basqısh** | Komissiya | Komissiya Mámleket xizmetkerleri tárepinen ádep-ikramlıq qağıydaları buzılıwınıń aldın alıw (profilaktika ) ilajlarınıń nátiyjeliligin Komissiya jıynalısında talqılap baradı. | Hár jılı juwmaqları boyınsha |
| **III. Ádep-ikramlıq qağıydalarınıń buzılıwı menen baylanıslı máselelerdi kórip shığıw** | | | |
| **1-basqısh** | Komissiya | Komissiya mámleket xizmetkerleriniń ádep-ikramlıq qağıydalarınıń buzılıwları menen baylanıslı máselelerdi:<br>mámleket organı hám shólkemi basshısınıń tapsırmasına tiykar;<br>huqıqtı qorğaw organlarnıń múráájatlerine tiykar;<br>mámleket xizmetkerleriniń, sonıń menen birge fizikalıq hám yuridikalıq shaxslardıń múráájatlerine tiykar;<br>óz baslaması menen kórip shıgadı. | Zárúriyatqa kóre |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **2-basqısh** | Komissiya baslıǵı<br>hám aǵzaları | Komissiya májilisinde:<br>kún tártibindegi másele oqıp esittiriledi;<br>mámleket organı hám shólkemi basshısınıń tapsırması yamasa mámleket xizmetkerleri tárepinen ádep-ikramlıq qaǵıydaları buzılǵanlıǵı tuwrısındaǵı múráájat oqıp esittiriledi;<br>ádep-ikramlıq qaǵıydalarına ámel etpegenlikde ayıplanǵan mámleket xizmetkeri hám múráájatshilerdin túsindirmeleri esitiledi. | Jıynalıs ótkeriletuǵın kún |
| | Mámleket xizmetkersi | Óziniń huqıqı hám salawatına, iskerlik abırayına tiyetuǵın múráájatler boyınsha ámeldegi nızam hújjetlerine muwapıq ózin qorǵawǵa, Komissiyaǵa zárúr materiallar hám de taǵı basqa informaciyalardı usınıwǵa haqılı. | |
| **3-basqısh** | Komissiya | 1. Jıynalıs juwmaǵı boyınsha mámleket xizmetkerleriniń háreketlerinde ádep-ikramlıq qaǵıydalarınıń buzılıwı fakti bar yamasa joq ekenligi tuwrısında qarar qabıl etedi.<br>2. Ádep-ikramlıq qaǵıydaları buzılǵanlıǵı waakti anıqlanǵan táǵdirde mámleket xizmetkerlerine tómendegi ikramlıqlıq tásir ilajları qollaydı :<br>eskertiw;<br>keshiriw soraw yamasa rásmiy uzrnoma keltiriwdi talap qılıw ;<br>mámleket organı hám shólkeminiń keńeytirilgen májilisinde eskertiw beriw.<br>3. Mámleket xizmetkersine salıstırǵanda ıntızamiy tásir sharasın qóllaw ushın mámleket organı hám shólkemi basshısına usınısnoma kirgiziwi múmkin.<br>4. Qabıl etilgen qarar haqqında shaqırıq etiwshine, ózine salıstırǵanda másele kórip shıǵılǵan mámleket xizmetkersine hám mámleket organı hám shólkemi basshısına jazba túrde xabar beredi. | Jıynalıs ótkeriletuǵın kún |
| **4-basqısh** | Komissiya | Ádep-ikramlıq qaǵıydaları mámleket organı hám shólkemi basshısı tárepinen buzılǵan táǵdirde olarǵa salıstırǵanda tiyisli ilaj kóriw máselesi maydanınan usınıslardı joqarı turıwshı mámleket organı hám shólkemi basshısına jiberedi. | Zárúriyatqa kóre |
| **5-basqısh** | Mámleket xizmetkersi | Komissiyanıń sheshimi ústinen mámleket organı hám shólkemi basshısına yamasa sudqa shaǵım qılıw múmkin. | Zárúriyatqa kóre |